



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KAT WOUTYÈ POU ESTOKAJ ENÈJI NEW YORK
LA POU ATENN SIB LIDÈ NAN NASYON AN POU GEN 1,500 MEGAWAT
APATI 2025 POU KONBAT EFÈ CHANJMAN KLIMATIK YO**

***Li pral Bay 2 Milya Dola nan Avantaj pou Konsomatè yo epi Kreye jiska 30,000
Djòb***

***NY Green Bank la pral Angaje Patisipan nan Mache Estokaj Enèji a pou yo
Akselere Angajman 200 Milyon Dola nan Finansman Pwojè pou Estokaj Enèji***

***L ap Sipòte Estrateji Refòm Vizyon Enèji Gouvènè a lè yo Ofri Rezistans pou
Rezo Elektrik la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse piblikasyon Kat Woutyè pou Estokaj Enèji (Energy Storage Roadmap) global eta a pou gide New York an vè sib estokaj enèji li a ki lidè nan nasyon an. Avèk Kat Woutyè sa a, New York ap lanse devlopman teknoloji enèji pwòp, pandan l ap sipòte sib estokaj enèji Gouvènè a pou gen 1,500 megawat apati 2025—sa ki ekivalan a demann elektrisite pou yon senkyèm nan tout kay New York la yo. Plan global la pral ranfòse tou estrateji Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV) pou konstwi yon sistèm enèji pwòp, rezistan, epi ki abòdab pou tout Nouyòkè pou konbat efè chanjman klimatik yo.

“Enèji pwòp se avni planèt nou an, epi New York pral kontinye dirije nasyon an nan lit an favè itilizasyon teknoloji pou lite kont chanjman klimatik yo ak konsève resous yo pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kat Woutyè sa a se pwòchèn etap pou non sèlman devlope ekonomi enèji pwòp nou an epi kreye djòb, men tou pou amelyore rezistans rezo elektrik la pou kontinye alimante kouran lè gen move tan ekstrèm ak lòt sitiyasyon dijans.”

“Pa gen okenn dout ke nou dwe aji avèk ijans pou nou konbat menas chanjman klimatik yo poze yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons jodi a nan Queens, te di.** “Nou deja ap wè efè ki gen sou anviwonman nou an avèk Nouyòkè yo k ap kontinye an danje akòz tanperati yo ak ensidan move tan ekstrèm lan yo k ap fèt deplizanpli. Menm jan ak anpil lòt pwoblèm, lè gouvènman federal la inyore reyalyte a, New York pran responsabilite pou l trase chemen an epi fè vanse vrè solisyon yo. Vizyon enèji eta nou an ap mennen nou an vè yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi avanse, ak pi efikas nan nasyon an. Kat Woutyè pou Estokaj Enèji a reprezante pwòchèn pa

enpòtan nou bezwen pran pou nou takle chanjman klimatik yo ak plis devlope ekonomi enèji pwòp nou an.”

[Kat Woutyè a](#) idantifye rekòmandasyon akoutèm pou kijan estokaj enèji ka livre valè pou konsomatè elektrisite New York la yo epi abòde bezwen ak demann rezo a yo nan yon fason rantab. Kat Woutyè a ofri yon seri mezi espesifik yo rekòmande pou akselere deplwaman pwojè estokaj enèji yo nan Eta New York la ak pozisyon eta a antake lidè nasyonal mache pou fè vanse pwojè estokaj enèji yo. Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) ak Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) avèk avi plizyè pati prenan yo te devlope plan an.

Otorite Enèji Eta New York la (New York Power Authority, NYPA) aktyèlman ap travay sou plizyè pwojè estokaj enèji ki demontre enpòtans teknoloji, ki pral kontinye ogmante pandan y ap reyalize Kat Woutyè a. Travay sa a gen ladan yon patenarya yo fè avèk Inivèsite Eta New York la (State University of New York, SUNY) sou plizyè pwojè ki pral pèmèt sistèm inivèsite a itilize kouran enèji solè yo estoke pandan ijans yo ak lè ki gen plis demann enèji a yo. Yo te konplete yon sistèm enèji solè ak estokaj batri pandan prentan sa a nan kanpis SUNY New Paltz la. Planifikasyon yo ankou pou mete sou pye yon sistèm ki menm jan nan kanpis SUNY Delhi a.

Akonplisman sib anbisye 2025 eta a pral pote apeprè 2 milya dola nan avantaj bri pou Nouyòkè yo pandan tout dire lavi yo, ki gen ladan ekonomi nan distribisyon elektrik ak redwi degajman gaz a efè sèr yo, ansanm ak ajoute sou rezistans rezo elektrik la lè yo redwi enpak pàn kouran move tan yo lakoz yo. Ajoute plis estokaj enèji nan sistèm lan pral maksimize avantaj lòt sous enèji renouvlab yo tankou solè ak van, epi li pral ede asire yo disponib lè yo bezwen yo pou satisfè lè ki gen plis demann pou elektrisite yo.

Kat Woutyè ap sipòte estati New York antanke yon fwaye pou endistri teknoloji pwòp kwasan an, ki ge potansyèl pou yo kreye jiska 30,000 nouvo djòb ki byen peye nan endistri estokaj enèji a. L ap ajoute sou angajman New York pran pou nou konbat chanjman klimatik yo ak devlope sektè estokaj enèji a, ki te deja ap wè kwasans djòb 30 pousan nan New York ant 2012 a 2015.

Eta New York la aktyèlman gen yon kapasite apeprè 60 megawat estokaj enèji avanse ak yon lòt 500 megawat yo deplwaye nan kondwit la, anplis de 1,400 megawat estokaj idwoelektrisite pa ponpaj tradisyonèl la. Pou nou ka fè vanse devlopman estokaj enèji a nan yon fason vyab, repwodiktib, ak evolutif, Kat Woutyè a rekòmande:

- Bay 350 milyon dola nan prim ankourajman pou akselerasyon mache toupatou atravè eta a pou akselere adopsyon sistèm estokaj avanse yo ki pral sitiye nan sit kliyan yo oswa nan sistèm distribisyon oswa tout konpatiman sistèm elektrik la yo;
- Ajoute prim ankourajman pou estokaj enèji nan insiyativ reyisi NY-Sun NYSERDA a pou akselere devlopman pwojè enèji solè plis pwojè estokaj yo epi pèmèt pwojè sa yo jwenn aksè a kredi taks federal yo avan yo ekspire;
- Chanjman reglemantè ki gen nan to sèvis piblik yo, demann sèvis piblik yo ak valè kabòn yo pou yo reflète avantaj sistèm lan yo ak enpòtans pwojè estokaj yo;

- Kontinye abòde pwojè k ap pèmèt ak site defi yo epi redwi depans endirèk ak depans akseswa sistèm yo; epi,
- Rekòmande modifikasyon nan règ mache an gwo a yo pou pi byen pèmèt patisipasyon nan estokaj, ki gen ladan pèmèt estokaj pou satisfè bezwen sistèm distribisyon elektrik yo ak sistèm vant an gwo yo alafwa pou ofri pi gran valè pou kontribiyab k ap peye to yo.

Anplis de sa a, jan Gouvènè Cuomo te pwopoze nan Diskou Eta Leta 2018 la, NY Green Bank ap chache pou investi omwen 200 milyon dola nan investisman ki gen rapò ak estokaj la yo, ki pral ede bese depans pou deplwaman estratejik estokaj enèji yo alechèl. Pou sipòte angajman sa a, NY Green Bank te pibliye yon [Demann pou Enfòmasyon](#) (Request for Information) pou solisite enterè dirèk devlopè pwojè yo genyen sou kijan yo ka reponn a eka finansyè yo epi sipòte pwojè estokaj enèji yo. Yo atann NY Green Bank pou yo pibliye yon Demann Pwopozisyon (Request for Proposals) nan fen ane sa a pou pwojè yo k ap melanje enèji solè ak estokaj enèji.

Rekòmandasyon ak entèvasyon angajman NY Green Bank lan yo pral non sèlman fè vanse New York anvè sib anbisye 2025 li genyen an jan Gouvènè Cuomo te mande a, men tou l ap mete New York sou yon pakou pou li satisfè yon sib pou 2030, ke yo prevwa Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission, PSC) pral tabli nan fen ane sa a.

Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance (Energy and Finance) Eta New York la, te deklare, “Estokaj enèji non sèlman ap ogmante itilizasyon pwodiksyon elektrisite renouvlab, men l ap ofri plizyè avantaj pou anviwonman ak ekonomi nou an epi amelyore rezistans rezo elektrik la. Anba Gouvènè Cuomo, apwòch global New York la sipòte kwasans estokaj mache enèji a lè yo ofri finansman ak politik k ap sipòte kwasans sektè epi asire nou atenn objektif anbisye nou gen pou enèji pwòp la yo ak konbat chanjman klimatik yo”.

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, John B. Rhodes te deklare, “Avèk etap sa a, n ap fè vanse deplwaman presye estokaj enèji, ki an liy ak sib Gouvènè Cuomo te tabli nan Diskou Eta Leta li a pou gen 1,500 MW yo deplwaye apati 2025, epi ki an liy ak objektif Gouvènè a pou gen 50 pousan enèji renouvlab apati 2030 nan kad estrateji Refòm Vizyon Enèji a. Avèk sistèm estokaj enèji vyab ak presye yo nou ap optimize pou sous enèji renouvlab ak amelyore fyabilite rezo elektrik la pou yo ka benefik pou tout Nouyòkè”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Avèk Kat Woutyè a, Gouvènè Cuomo te pote New York pou yon lòt fwa ankò alatèt nasyon an nan devlopman nouvel solisyon sistèm enèji pwòp pou anpil jenerasyon alavni. Kat Woutyè a pral sèvi kòm yon gid pou lanse mache pou pwojè estokaj enèji avanse a nan New York sou yon pakou pou atenn 50 pousan enèji renouvlab apati 2030 lan epi transfòme Empire State la pou vin tounen yon sant global pou endistri estokaj enèji a k ap boujonnen an”.

Alfred Griffin, ki se Prezidan NY Green Bank lan te di, “Sa se yon moman ki vrèman eksitan pou mache estokaj enèji nan Eta New York la, epi NY Green Bank kontan anpil pou nou alatèt finansman eleman enpòtan anpil sa a pou fè vanse rezo enèji nou an.

Pandan plizyè ane ki sot pase yo, nou te aktivman angaje anpil douzèn devlopè estokaj epi nou ankouraje nenpòt moun k ap aktivman travay sou pwojè estokaj nan Eta New York la yo - oswa sila yo k ap chache fè sa a - pou al rankontre ak NY Green Bank pou nou diskite kijan nou kapab ede nan finansman enfrastrikti enpòtan sa a”.

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, “Otorite Enèji New York la ap byen pozisyone pou l ede estimile deplwaman aplikasyon estokaj yo bezwen toupatou atravè eta a pou asire avni enèji pwòp New York la. Nou te deja ap trase egzanp -- k ap aji kòm katalizè pou sektè investisman prive a epi k ap reyalize pwojè estokaj enèji reyisi atravè eta a. Pwodiksyon yon kondwit pwojè estokaj se kle pou konstwi fleksibilite nan rezo a pou pi byen enkòpore enèji renouvlab ak akselere atent objektif rediksyon 40 pousan gaz a efè sèr yo apati 2030”.

Doktè William Acker, Direktè Egzekitif New York Battery and Energy Storage Technology Consortium (NY-BEST), di konsa, “Kat Woutyè pou Estokaj Enèji a reprezante yon gran etap vè lavan anvè reyalizasyon deplwaman estokaj sib 1500 MW apati 2025 lan, k ap eksplwate avantaj ke estokaj enèji yo ka bay rezo elektrik la pandan l ap kreye tou yon mache solid ak anpil milye nouvo djòb pou ekonomi New York la. NY-BEST ak manm nou yo paka tann pou yo travay avèk patnè pou reyalize mezi Kat Woutyè ak konstwi sektè estokaj enèji a nan New York”.

Anons jodi a ajoute sou travay enpòtan ki deja ap fèt nan Eta New York la nan endistri estokaj enèji ak endistri batri avanse a. Nan Diskou Eta Leta a, Gouvènè Cuomo te pran angajman 60 milyon dola nan finansman NYSERDA pou inisyativ estokaj enèji a. NYSERDA te deja mete prèske 22 milyon dola disponib avèk de demann separe nan kad investisman alontèm Eta New York ap fè nan sektè estokaj enèji a.

Yo pral òganize plizyè konferans teknik toupatou atravè eta a pou pèmèt popilasyon an fè kòmantè sou rekòmmandasyon ak apwòch yo te idantifye nan Kat Woutyè a. PSC a te kreye yon nouvo pwosesis pou w konsidere ak tabli yon estokaj sib pou 2030 epi deplwaman mekanis pou atenn sib estokaj enèji 2025 ak 2030 lan yo avan fen ane sa a. Yo ka soumèt kòmantè popilasyon an fè sou Kat Woutyè a yo atravè [sitwèb DPS la](#).

Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite rev.ny.gov epi swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

NY Green Bank

NY Green Bank se fon esvestisman 1 milya dola eta esponsorize ak pi gran Bank Vèt nan nasyon an. Li travay avèk devlopè sektè prive, enstitisyon finansyè ak lòt ankò pou ede reponn a ak soulaje eka ki genyen ann mache enèji pwòp la. Yo ka ofri finansman NY Green Bank lan sou plizyè fòm depandaman de bezwen tranzaksyon espesifik yo genyen, ki gen ladan dèt priyoritè ak dèt sibòdone, amelyorasyon kredi, ak nan kèk ka, ekite pami lòt ankò.

###

W'ap jwenn lòt nouèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)